© Библия таржама гьабиялъул институт, 2008

# РИЧIЧIИЗЕ ЗАХIМАТАЛ РАГIАБАЗЕ БАЯН

**Агриппа** – Гьерод Агриппал вас. ГIага-шагарго 53–93 соназда гьев вукIана Палестинаялъул цо бутIаялъул кверщелчи. Балагье Гьерод.

**Адам** – Аллагьас тIоцеве вижарав инсан. Гьесдасан ва гьесул лъади ХIавадасан лъугьана дуниялалда киналго гIадамал. Аллагьасул амру тIубазабичIел ва гьелдалъун мунагь гьабурал тIоцересел гIадамал ккола Адамги ХIаваги.

**Асия** – ГьитIинаб Азиялда (гьанжесеб Турциялда) букIараб Рималъул империялъул вилаят.

**Ассарий** – Рималда хIалтIулеб букIараб гIисинаб гIарац, диналъул 1/16 бутIа.

**Барас** – черхалда ругънал лъугьун, инсанасул гьан туризабулеб цIакъ квешаб ва захIматаб унти. Барасалъ унтарал гIадамал хъублъарал чагIилъун рикIкIунаан Мусал къануналъ ва диналъул агьлуялда гьорлъе риччалароан.

**Беэлзебул** – жундузул бетIер, илбис.

**БилгIам** – Муса аварагасул заманаялда вукIарав сихIручи. ЖугьутIазул тушбабилъун рукIарал мугIабиязул парччахI Балакица гьесда гьарана, сихIруги гьабун, жугьутIал хвезаризе вачIайилан. Амма мугIабиязухъе унаго нухда цо хIикматаб хIалкIолъиялдалъун гьев чIун хутIана. Малаикас ва живго тIад рекIун вукIараб хIамица биччачIо БилгIамида Аллагь цо вукIиналда божулеб жугьутIазул халкъ хвезабизе. Амма хадусеб заманалда жугьутIазда гьоркьор БилгIамил хIакъалъулъ тIиритIун рукIана Аллагьасул диналъул тушман вукIанин гьевилан харбал.

**БИЩУНГО КIУДИЯВ КАШИШ** – Иерусалималъул Мукъадасаб Рукъалъул бищунго кIудияв кашиш вищулаан цо лъагIалил болжалалда, ва гьес бетIерлъи гьабулаан тIадегIанаб судалъе.

**БУНЯМИН** – Якъуб аварагасул вас. Гьесдасан бачIараб буго жугьутIазул халкъалъул цо наслу.

**ВАВИЛОН** – гьанжесеб ГIиракъалъул ракьалда букIараб некIсияб шагьар. Нилъер эраялде щвелелде 600 соналъ цебе вавилоналъулаз Ягьудия бахъун букIана, щущазабун букIана Иерусалим ва Мукъадасаб Рукъ. Ягьудиялъул гIемерал гIадамал 70 соналъ Вавилоналъул пачалихъалда асирлъуда хутIана. «Инжилалъул» цо-цо бакIазда «Вавилонлъун» рикIкIун буго, кидаялиго вавилоналъулалго гIадин, батIи-батIиял мунагьазулъ къараб халкъалъ яшав гьабулеб букIараб Рим.

**ГАЛИЛЕЯ** – ГIизраил пачалихъалъул северaлда букIараб ракь. ГIиса МасихIил заманаялда гьениб яшав гьабулеб букIана жугьутIаз ва цогидал халкъаз. Ягьудиялъул гIадамаз галилеялдасел гIад-хочIие гьарулаан, гьел рикIкIунароан. Галилеялъул Назарет абураб гьитIинабго шагьаралда кIудияв гIуна ГIиса МасихI.

**ГЬАБИЛ** – Адамилги ХIавалги вас, Къабилил гьитIинав вац. Къабилица Гьабил чIвана гьесдехун ккараб жахIда сабаблъун.

**ГIАДАМИЛ ЛЪИМЕР** – жугьутIазул мацIалда гьелъул магIна буго «инсан, гIадан, чи». Даниял аварагасул ТIехьалда рехсон буго МасихI вукIине вугин ГIадамил Лъимер. МасихI ГIисацаги жиндирго хIакъалъулъ абулеб буго жив ГIадамил Лъимер вугилан.

**ГЬАРУН** – Муса аварагасул кIудияв вац. НекIсиял жугьутIазе амруял Аллагьас Мусахъе кьураб мехалда, Гьарун тIамуна гьес тIоцевесев кашишлъун. Къануналъул бихьизабиялда рекъон, Гьарунил наслуялъул рукIине кколаан киналго кашишзаби.

**ГЬЕРОД** – «Инжилалда» рехсон вуго гьеб цIар бугев лъабго чи. «Матфейица бицараб Рохалил хабаралда» тIоцеве рехсарав Гьерод вукIана Ягьудиялъул парччахI. КIиабизе рехсарав Гьерод Антипа вукIана Галилеялъул хан (тIоцевесев Гьеродил вас). «Чапарзабазул ишазда» 12-абилеб бетIералда рехсарав Гьерод Агриппа вукIана дов Гьерод Антипал вацасул вас, нилъер эраялъул тIоцебесеб гIасруялъул 41-абилеб соналъ Ягьудиялъул хан.

**ДАВУД** – некIсияб ГIизраилалъул кIудияв парччахI ва авараг. Гьес яшав гьабуна нилъер эраялде щвелелде анцIабилеб гIасруялда, ГIиса МасихI гьавилелде азарго соналъ цебе.

**ДИНАР** – Рималъул империялда хьвадулеб букIараб гIарцуда цIар. Гьелъул къимат бащалъулаан цо къоялъ хIалтIун щолеб мухьалда.

**ДИНИЯЛ ГIАЛИМЗАБИ** – Мусал къанун рагIа-ракьанде щун лъалел ва жугьутIазда гьеб малъулел гIадамал.

**ДИРГЬАМ** – греказул гIисинаб гIарац, гIага-шагарго гьеб бащалъулаан цо динаралда.

**ЗАБУЛОН ВА НАФТАЛИМ** – Якъуб аварагасул васал. Гьездасан рачIарал руго ГIизраилалъул северияб рахъалда, Галилеялъул хIорил рагIалда яшав гьабун рукIарал жугьутIазул кIиго наслу.

**ЗАБУР** – 150 динияб кечIалдасан гIуцIараб тIехь. Гьезул гIемерисел Давуд аварагас гьаруралльун рикIкIуна.

**ЗИНА** – «Инжилалда» гьаб рагIи кьун буго рос-лъади цоцазе хилиплъи абураб магIнаялда.

**ИБРАГЬИМ** – гIарабиязулги жугьутIазулги умматалъул бетIер, Аллагь цо вукIиналде тIоцеве кантIарав авараг, ИсхIакъ аварагасул эмен.

**ИЛАГЬИЯБ РУХI** – Аллагьасдасан бачIунеб гIадамал битIараб нухде рачунеб гьел рацIцIалъизарулеб къуват. «Инжилалда» «Илагьияб РухI» живго Аллагьлъун рикIкIун буго.

**ИЛЯС** – ГIизраилалъул халкъалде витIарав ва гьересиаллагьзабазе лагълъи гьабиялде данде къеркьарав кIудияв авараг. Аллагьас гьев чIагого зобалазде восана. ЖугьутIал ралагьун чIун рукIана МасихI вачIиналъул хабар бицине гьев ракьалде тIадвуссиналъухъ.

**ИСХIАКЪ** – жугьутIазул умматалъул бетIерлъун рикIкIунев авараг. Гьев вукIана Ибрагьимилги Саратилги вас, ГIисилги Якъубилги эмен.

**ИШАЯ** – нилъер эраялде щвелелде анкьабилеб гIасруялда Ягьудиялда вукIарав кIудияв авараг.

**КАШИШ** – Иерусалималъул Мукъадасаб Рокъоб динияб хъулухъ гьабулев чи.

**КЪАБИЛ** – Адамилги ХIавалги цIикIкIарав вас, Гьабилил вац. ЖахIда ккун гьес жиндирго вац Гьабил чIвана.

**КЪАЙСАР** – Рималъул парччахI, император.

**КЪАНУН** – балагье: МУСАЛ КЪАНУН.

**КЪОТIИ** – «Инжилалда» гьеб ккола тIоцебе НухI аварагасулгун, хадуб Ибрагьим аварагасулгун, ахиралдаги, Муса авараг гьоркьов ккун, жугьутIазул тIолабго халкъалъулгун Аллагьас

гьабураб «НекIсияб къотIи». ГIисаца абулеб буго жиндир хвел кколин Аллагьасдаги гьесде иман лъураб халкъалдаги гьоркьоб «ЦIияб къотIиялъул» байбихьилъун.

**Легион** – Рималда 6000 рагъухъанасдасан гIуцIараб бо.

**Лепта** – бищунго гIисинаб пахьул гIарац, динаралъул 1/128 бутIа.

**Лъадалъ ччун рахъи** – гьеб букIана мунагьал чуризе ва кантIун Аллагьасде руссине гьабулеб динияб гIадат.

**Магъало бакIарулел чагIи** – Рималъул къайсарасул хазинаялъе халкъалъухъа магъало бакIаризе тарал гIадамал, гьединлъидал жугьутIазе гьел рокьулароан; къайсарасе магъало бакIариги рикIкIунаан хIакъ батулеб ишлъун.

**Мажусиял** – гIемерал «аллагьзабазде» иман лъурал ва Мусал къанун босичIел гIадамал.

**МасихI (Христос)** – Аллагьас витIилин рагIи кьун букIарав абадияв ПарччахI.

**Мукъадасаб рукъ** – Иерусалималда букIараб аслияб динияб рукъ (Храм, Байтулмукъадас). ГIицIго гьениб гурони къурбан хъвезе изну букIинчIо.

**Муса** – ГIизраилалъул цIакъго кIудияв авараг. Гьес цевехъанлъи гьабуна Аллагьас ГIизраилалъул халкъ Мисриялдаса къватIибе бачунеб мехалда. Аллагьас Мусахъе кьуна Къанун.

**Мусал къанун** – Муса аварагасде Аллагьас рещтIарал гIемерал амруял ва жугьутIаз чара гьечIого цIунизе кколел, гьезул гIумруялъул киналго рахъал рихьизарулел гIадатал.

**НекIсияб къотIи – балагье: КъотIи.**

**Ниневия** – некIсияб ва гучаб Ассирия пачалихъалъул тахшагьар. Юнус аварагасул хIакъалъулъ тIехьалда бицунеб буго, мунагьаздаса инкар гьабун ва рекIекълъун, битIараб нухде руссинчIони, шагьар щущазабизе бугилан гьелъул халкъалда бицине Аллагьас гьев Ниневиялде витIанин абун. Юнус аварагасул вагIзаялъ Ниневиялъул халкъ кантIизабуна, гьезул шагьарги щущазабичIого хутIана.

**Пасха** – Мисриялда лагълъиялде ккун рукIарал жугьутIал, Аллагьасул цIоб лъун, зулмуялдаса тархъанлъараб заман ракIалде щвезабун, щибаб соналъ ихдал гьез тIобитIулеб кIудияб байрам.

**Пилат Понтий** – ГIиса МасихIил заманаялда Рималъул императорас Ягьудиялде витIун вукIарав сардар.

**Рим** – Италиялъул шагьар, кIудияб империялъул тахшагьар. ГIиса МасихIил заманаялда гьеб империялде гьоркьоре унаан Средиземнияб ралъдал рагIаллъабазда рукIарал гIемерал улкаби.

**Саддукеял** – жугьутIазул бечедал гIадамазги диниял бутIрузги гIуцIараб цо хасаб мазгьабалъул гIадамал. Гьез бетIерлъи гьабулаан диниялги сиясиялги ишазе, тIадегIанаб судалда гьоркьорги гIемерисел гьел рукIунаан. Мусал къануналде гурони, гьесдаса хадур рахъарал цогидал аварагзабазул ТIухьдузде иман лъоларoан саддукеяз.

**Самариял (Самариялъул халкъ)** – Ягьудиялдаги Галилеялдаги гьоркьоб букIараб Самария вилаяталъул гIадамал. Гьел божулаан Аллагь цо вукIиналда, амма жугьутIазул къануналъул цо-цо рихьизариял къабул гьарулароан. Гьеб сабаблъун кIиябго халкъалъул рагIи дандеккунгутIи букIана, хIатта цоцазда аскIор гIодор чIун самариявги жугьутIавги квана-гьекъей мунагьлъун рикIкIунаан.

**Сардар** – жиндирго кверщаликь ругел вилаятазда Рималъул къайсарас тарав бетIер.

**Сарат** – Ибрагьим аварагасул лъади. ХерлъизегIан лъимер гьабичIого хутIун йикIарай гьелъ, Аллагьасул хIалкIолъиялдалъун, Ибрагьимие вас – ИсхIакъ гьавуна.

**Синагога** – какал разе ва Таврат (Мусаде рещтIараб тIехь) цIализе жугьутIал данделъулеб рукъ.

**Содом ва Гоморра** – Аллагьасул ццин бахъун щущазарурал шагьарал. Гьел рукIана Хвараб ралъдал рагIалда.

**Сулайман** – Давуд аварагасул вас, кIудияв гIакъил, парччахI ва авараг. Иерусалималда Мукъадасаб Рукъ гьес бан букIана.

**Таврат** – «НекIсияб КъотIиялъул» тIоцебесеб щуго тIехь. Тавратилан абула Мусал къануналдаги.

**Талант** – бацIцIадаб гIарцул 30 кг – 6000 диргьам.

**ТIадегIанаб суд** – Иерусалималъул халкъалда гьоркьоб хIукму къотIулеб бищунго кIудияб идара.

**Фарисеял** – Мусал къанунги умумузул гIадатги цIуниялъе цIакъго хIаракат бахъулел гIадамаздасан Ягьудиялда гIуцIараб ва къадру-къимат цIикIкIараб динияб мазгьабалъул гIадамал.

**ХIава** – дуниялалда тIоцее йижарай чIужугIадан, Адамил лъади.

**ЦIияб къотIи** – балагье: КъотIи.

**Чапар** – ГIиса МасихIил бищунго цересел 12 муридаздасан цояв. Чапарилан абулаан, ГIисал амруялда рекъон, Рохалил

хабар дуниялалда тIибитIизабизе тIаде босарав бокьарав муридасдаги.

**Шамат** – Мусал къануналда рекъон, шамат къоялъ кинаб букIаниги хIалтIи гьабизе гьукъула. ХIалхьи-рахIаталъе ва Аллагьасе тIагIаталъе кьураб къо бугилан рикIкIуна гьеб жугьутIаз.

**Юсуп** – Якъуб аварагасул 12 васазул цояв. Вацаз гьев Мисриялде лагълъун вичана, амма гьенив Аллагьас кIодо гьавун, тIолабго Мисриялъул кверщелчилъун вахъана.

**Ягьудия** – Палестинаялъул югалда букIараб пачалихъ. Гьелъул тахшагьар кколаан Иерусалим. ГIиса МасихIил заманаялда Рималъул кверщаликь букIана гьеб. ТIоцебе гьениб яшав гьабун рукIана Якъубил вас Ягьудал наслуялъул жугьутIал. Ягьудал наслуялъул вукIана кIудияв парччахI ва авараг Давудги Давудил кьибилалъул чи ГIиса МасихIги.

**Якъуб** – Ибрагьимил васасул – ИсхIакъил – вас, ГIисил вац. Якъубил 12 васасдасан лъугьун рукIана жугьутIазул халкъалъул анцIила кIиябго наслу.